Proceedings of International Scientific Conference on Multidisciplinary Studies
Hosted online from Moscow, Russia
Date: 11th April, 2024
ISSN: 2835-5733 Website: econferenceseries.com

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings

# ЖАСЛАРДЫ ПУБЛИЦИСТИКА ҲӘМ ПУБЛИЦИСТИКАЛЫҚ ТЕКСТЛЕР АРҚАЛЫ ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТӘРБИЯЛАЎ

Яхияев Зарипбай Жумабаевич
Қарақалпақ мәмлекетлик университети

**Ключевые слова:** литература, поэзия, поэма, образ, творчество, стиль, метод, жанры, обучение, разбора художественных произведении.

**Key words:** literature, poetry, poem, character, creative work, style, method, writing, genres, training, analysis of works of art, didactic analysis.

Ғәрезсизлик дәўирдеги жасларды тәрбиялаўда публицистика ҳәм публицистикалық текстлер үлкен әҳмийетке ийе. Публицистика – турмысымыздың ҳәр қыйлы тараўларындағы әҳмийетли мәселелерди, фактлерди, қубылысларды үйрениў ҳәм автордың социал идеалы көз-қарасынан баҳалаўшы, күн тәртибинде турған мәселелерди сәўлелендириўи себебинен дәўир руўҳын бериўши, кең жәмийетшиликке арналған дөретпе болып табылады. Әдебият, көркем өнер, архитектура ҳәм тағы басқа тараўларда келешектеги үлкен дөретиўшиликлер ушын бай материалларды топлап береди. Буннан заман шежиресин бүгинниң ҳәм мәңгиликтиң талабы менен жедел шешип барыў сыяқлы ўазыйпа жүкленген журналистиканың қандай дәрежеде жуўапкершиликли ҳәм қырағы болыўы керекլиги көринип турады. Публицистика ҳаққында көплеген алымлар өзлериниң анықлама, түсиник ҳәм пикирлерин айтады.

Мәселен, “Қысқа әдебий энциклопедия”да «Публицистика – әдебият ҳәм журналистиканың бир түри болып, жәмийетлик пикирге ҳәм ҳәрекет етип турған сиясий институтларға тәсир етиў ямаса оларды класслық мәплерге класслық жәмийетте яки социаллық ҳәм әдеп-икрамлылық идеяларға муўапық өзгертиў мақсетинде ҳәзирги заманның әҳмийетли сиясий, экономикалық, әдебий, ҳуқықый, философиялық ҳәм басқа да машқаларын қарап шығады. Ҳақыйқый публицистика – журналистиканың ең жоқарғы шыңы» [1.72] – деп көрсетилген. Егер этимологиясы бойынша айтатуғын болсақ, көплеген сөзликлерде корсетилиўинше “публицистика” сөзи латынша **publikus** яғный **жәмийетлик** деген сөзден алынған. Белгили өзбек алымы М.Худайқулов оған:

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

«әдебий-сиясий дөретиўшилик» – деп баҳа берген болса [2.225], «Ҳәзирги заман журналистикасы» китабында: «Публицистика бул – турмысты сәўлелендириўдиң айрықша бир жолы, усылы, дөретиўшилик түри. Ол жәмийетлик турмыстың усы күндеги, усы заманда болып өткен ҳәм болып атырған социаллық әҳмийетке ийе ўақыя ҳәм ҳәдийселерди сәўлелендирип, адамларға жеткереди, дәўирдиң ең актуал мәселелерине мүнәсибет билдиреди, шешилиўи тийис машқалаларды көтерип шығады, усы дәўир адамлар ушын хызмет етеди» – деп жазылған [3.56]. Демек, публицистиканың тийкарғы ўазыйпасы өмирдеги, жәмийетлик турмыстағы ўақыя ҳәм ҳәдийселер, мәселе ҳәм машқалалар ҳаққында хабар берип, олар туўралы жәмийетлик пикирди қәлиплестириўден ибарат.

Публицистика тийкарғы мәниси бойынша айтылған гәп, билдирилген пикир, жазылған текст, белгили бир көринистеги дөретилген шығарма болып, ол кең жәмийетшиликке газета-журнал, радио, телевидение ҳәм интернет арқалы тарқатылғаннан кейин ғана идеялық, сиясий ҳәм руўхый күшке айланады.

Публицистика – инсанның өмирди билиўи, оны түсиниўи, дүньяда болып атырған ўақыя ҳәм ҳәдийселерден хабардар болып ҳәм олардан өзи ушын тийисли жуўмақлар шығарыўына жәрдем беретуғын қурал.

Ески грек философы, драматург Еврипид былай деген екен: «адамларды исленген ислерге қарағанда бул жумыслар ҳаққындағы айтылған сөзлер көбирек ҳәрекетке келтиреди». Бул пикир журналисттиң жәмийет алдындағы ўазыйпасының оғада жуўапкерли ҳәм әҳмийетли екенлигин аңлатады. Усы мазмунды өзбек фольклорынан оқыўымыз да мүмкин: «Ис билгенге бир теңге, сөз билгенге мың теңге». “Сөз тапқанға қолқа жоқ” деген сөз бар қазақ халық макалында. Англиялы белгили шайыр ҳәм драматург Уильям Шекспир: «Пикир күшли болған жерде орынланатуғын ислер де күшли болады» - деп жазған екен. Қарақалпақ халық нақыл макалларында “Сөз сүйектен таяк еттен өтеди” деген соз бар.

Жәмийетлик сана, жәмийетлик пикир үйрениў обьекти болған ғалаба хабар қураллары турли еллердиң тарийхый раўажланыў дәўиринде өз ўазыйпаларын белгили дәрежеде атқарып келген. Негизинде, ғалаба хабар қуралларының ўазыйпасы раўажланыўдың барлық басқышларында да кең жәмийетшиликтиң мәпи ушын хызмет етиўден, халықтың пикир ҳәм сезимлериниң сәўлеси, халықлық минбер болыўдан ибарат. Лекин, журналистика барлық дәўирде де

ISSN: 2835-5733 Website: econferenceseries.com

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings

өзиниң усы әдиўли ўазыйпасын қалай аткарып келмекте. Бул хәммени қызықтыратуғын сораў.

Ҳәзирги дәўирде артықмашлығы соннан ибарат, сөздиң қәдир қымбаты бар. Айтылған сөз, шығарылған қарарлар ҳәм пәрманлардың нәтийжеси бар болғанлықтан, халық хәр күнги алдағы ўазыйпаларды билиўге қызығады, Әсиресе, еркин пикир, дөретиўшилик идея, интернет ҳәм социаллық тармақларда кең түрде жәрияланып барылмақта. Кеше еситкенди бүгин көз көрип, турмыстың барлық тараўларындағы машқалалар, алға қойылған ўазыйпалар халықтың усыныслары ҳәм талқысы, шешимлери тийкарында, ҳүкимет басшылығында халықлық инта менен орынланып бармақта.

Ғалаба хабар кураллары мәмлекетте жүз берип атырған құбылысларға түрлише карасларды еркин ҳәм калыс сәўлелендириўи, ҳәкимият пенен жәмийет арасын қалыс байланыстырыўшы, инсан ҳәм жәмийет мәплериниң удайы қорғанышы болыўы ушын журналистлер ҳәм ғалаба хабар кураллары хызметкерлерин таярлаў процесин қайта көрип шығыў, мәлимлеме алыў, таллаў, таярлаў ҳәм жеткериўдиң заманагөй усыллары ҳәм қуралларын өзлестириўде оларға жәрдем бериў зәрүр.

Публицистика темасы рус, өзбек, қазақ, қарақалпақ журналистикасы илиминде әдеўир сөз етилген. Мәселен, рус журналистикасында А.Г. Бочаров («Существует такое качество публицистичность», 1958.), Е.П. Прохоров ( Публицистика и действительность, 1973; В.В. Ученова Цистков публицистики. 1989) Е.И. Журбина («Теория и практика художественно публицистических жанров», 1969.), А.Акопов («Аналитические жанры публицистики», 1996.), А.А.Тертичный («Жанры периодический печати», 2000.) өзбек журналистикасында М.Худайкулов («Журналистика ва публицистика», 2010.), «Ҳозирги замон журналистикаси» (2008), илимий жумысларын усы темаға арнаған. Публицистика теориясның илимий категориялары, оның ўазыйпалары, функциялары, методлары, объекти ҳәм предмети, субъектимазмун ҳәм формасы көркем-әдебият пенен байланысы т.б мәселелери филология илимлериниң докторы Т.Машарипованың докторлық диссертацияларында хәр тәреплеме изертленип, оның «Публицистика теориясының бир пүтин концепциясы: илимий методологиялық анализ» атамасындағы монографиясы «Публицистика теориясы ҳәм әмелияты» оқыў қолланбасы баспадан шықты.

E- CONFERENCE SERIES

ISSN: 2835-5733 Website: econferenceseries.com

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

Ол монографиялық изертлеў жумысында «публицистика» термининиң төрт мәнисин ажыратып корсеткен:

1. Публицистикалық шығарма дөретиў процеси, оған өткирлик, кескинликбериў (структураның айырым элементлери менен яғный шығарманың бөлимлери менен функция);
2. Доретиўшилик түри (структурағы өтетуғын функция);
3. Текстлер (жеке функцияларды сәўлелендиретуғын структура);
4. Социаллкқ институт (публицистика функциясына ийе структура – оның басқа жәмийетлик институтларға: сиясат, ҳуқық, кономика, мораль (әдеп), ден саўлықты сақлаў, билимлендириў, спорт ҳәм баскаларға тәсири [4, 10]

Бизин пикиримизше, бул жерде публицистика түсинигине әдеўтолық сыпатлама берилген.

Бир қатар изертлеўшилердиң пикирине қарағанда жәмийетлик орталықтың әмелдеги формаларынан ең әҳмийетлиси және социал-мәдений ҳақыйқатлық сәўлеленетуғын қураллардан бири – ғалабалық коммуникатция қураллары болып табылады. Олар ҳәзирги ўақытта информация алмасыўдың ең зәрүрли дәреги сыпатында әҳмийети роль ойнайды. Рус алымы В.Г.Костомаровтиң пикирине қарағанда, барлық масс-медиа текстлери ушын «аудиторияны услап турыў» мәселеси бүгин жүдә актуал болып табылады. Аудитория менен турақлы байланыста болыў коммуникатив бирге ислесиўди орнатыў, зәрүрли ҳәм қызықлы мағлыўматты көшириў, байланыстың тар орталығы менен шегараланып қалмай, ҳәмме ўакытта тәсир өткериў, аудиторияның итибарын тартыўдың ең әпиўайы усылы болып есапланады.

Публицистикалық усыл «санаўлы» адресатқа, кәсиплик ориентациясы көз-қарасынан (оқытыўшылар, исбилерменлер ҳәм басқалар ушын), кәсибине тийисли болмаған қызығыўшылықлар шеңбери көз-қарасынан да (шофёрлар, кино ышқыпазлары ҳәм басқалар ушын) этикет усылларын есапқа алған ҳалда сиясий қызығыўшылық, жас, жыныс көз-қарасынан да тексттиң жеткиликли ҳам анық болыўын нәзерде тутады.

Публицистикалық текст – аудиторияға өз тәсирин өткеретуғын энергия дәреги болып, оның үстинен ҳүкимлик етиўши субъект – текст авторы, редактор, баслаўшы ҳәм бул текстти тыңлайтуғын аудитория – тәсир көрсетиўдиң қәлеген объектлери болып табылады. Публицистикалық текст авторының

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

ўазыйпаларынан бири – адресат пенен жақын мүнәсибет орнатыў ҳәм оны қызықтырыў болып табылады.

Публицистикалық текстлер ушын тийкар болып адресатқа бейим болған, оның менен болажақ сәўбетлер ушын жол табыў ўазыйпасы турады. Бул ўазыйпаның шешимин табыў ушын журналист – диалогқа кириседи. Социаллық психология ҳәм социолингвистикалық көз-қарастан алып қарағанда публицистикалық текст төмендегише баҳаланады:

❖ Информациялық мағлыўматлы характерге ийе болып, анық бир инсан ямаса инсанлар топары тәрепинен қабыл етиледи;

❖ Инсан ямаса бир группа инсанлар пикири ҳәм өзин услап тутыўына тәсир етиўи мүмкин болған информация жеткериў усылы.

Публицистикалық текстлердиң тийкарғы қолланылатуғын орны газета-журнал, радио еситтириўлери, телевидение көрсетиўлери, онлайн ҳәм басқа түрдеги ғалаба коммуникация сыяқлы түрли ҳәм көп дәрежели түсиниклерди бирлестириўге мүмкиншилик береди. ХХ әсирдиң 90-жылларында инглис тилиндеги илимий әдебиятларда пайда болған «публицистикалық текст» атамасы тезлик пенен халық аралық академик шеңбердеги миллий ғалаба хабар қуралларында тарқалды. Публицистикалық текст түсинигиниң илимий санада жедел беккемлениўи изертлеўшилердиң ғалаба хабар қуралларында сөйлеў мәселелери, тилдиң ғалаба коммуникация тараўындағы хызметиниң өзгешеликлерин үйрениўге қызығыўшылықтың артыўы менен байланыслы болды.

Публицистикалық текст мәселесине шет ел илимпазларынан Teun Van Deyk, Martin Montgomeri, Alan Bell, Norman Feyerklou, Robert Fauler [5] сыяқлы белгили алымлар үлкен итибар қаратқан. Олар публицистикалық тексттиң түрлерин хәр қыйлы бағдарларда көрип шықты. Атап айтқанда, социолингвистика, функциональ стилистика, сөйлеў теориясы, мазмун-анализи, когнитив лингвистика, риторикалық сын ҳәм т.б. Илимпазлардың итибарын кең көлемли мәселелер өзине тартты. Булар, публицистикалық текст тилиниң функциональ ҳәм стилистикалық орнын анықлаў, түрли ғалаба хабар қураллары текстлерин классификациялаў усыллары, жәмийетлик-мәдений факторлардың публицистикалық текстке тәсири ҳәм тәсир етиўдиң лингво-медиа технологиялары ҳәм т.б.

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings

Россияда публицистикалық текст теориясы ҳәм оны үйрениў усылларын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға илимпазлардан С.И.Бернштейн, Д.Н.Шмелев, В.Г.Костомаров, Ю.В.Рождественский, Г.Я.Солганик, С.И.Трескова, И.П.Лысакова, Б.В.Кривенко, А.Н.Васильевалар [6] үлкен үлеслерин қосқан. Публицистикалық текст түсинигине өзиниң ең толық көринисиндеги баҳасын берген ҳәм тийкарғы лингвистикалық категория сыпатындағы хызметин биринши рет Т.Г.Добросклонская мийнетлеринде қәлиплестирилген [7].

Публицистикалық текст түсинигиниң теориялық тийкарлары өзбек тил билими ҳәм журналистикасында И.Тошалиев, А.Бобоева, Д.Тешабоеваның, [7] жумысларында изертленген.

Публицистикалық текст түсиниги негизинде аўызеки ҳәм медиа бирликлериниң органикалық бирикпесине тийкарланады. Текстти улыўмалық мәни менен бирлестирген аўызеки белгилер избе-излиги сыпатында сызықлы таллаўдан парқлы тәрепи, ғалаба байланыста текст көлеми ҳәм қатлам өзгешеликлерин өз ишине алады. Бул тексттиң аўызеки бөлиминиң белгили бир ғалаба хабар қуралларының публицистикалық өзгешеликлери менен комбинациясы себепли әмелге асырылады. Солай етип, баспасөзде текст графикалық ҳәм иллюстративлик пенен бирлестириледи. Радиода аўызеки компонент аудио қураллар – даўыстың сапасы ҳәм музыка жәрдеминде қосымша экспрессивликти өз ишине алады. Телевидениеде текст шегараларды және де кеңейтеди, аўызеки бөлимин видео көринис ҳәм даўыс диапазоны менен байланыстырады. Соны айрықша атап өтиўимиз керек, тексттиң аўызеки ҳәм медиа компонентлери бир-бири менен беккем байланыслы болып, ҳәр түрли принциплер тийкарында бир-бири менен бирлестирилиўи мүмкин: қосымшалар, күшейткишлер, сүўретлер ҳәм тағы басқалар бир пүтин ажыралмас бирлик болып, олар публицистикалық текст түсинигиниң мазмунын қурайды.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Краткая литературная энциклопедия. Глав.ред. А. А. Сурков. – Т. 6. – М.: Советская энциклопедия, 1971. – С. 72-73.
2. Худойқулов М. Журналистика ва публицистика. – Тошкент: Тафаккур, 2010. – Б. 225.

3. Ҳозирги зомон журналистикаси. – Тошкент: Aloqashi, 2008. – Б. 56.

4. Публицистика теориясының бир пүтин концепциясы: илимий – методологиялық анализ. –Ташкент, «Mumtoz so'z». 2016.

5. Қараң: Теун ван Дейк. Язык. Познание. Коммуникация. М., 1989. Fowler R. Language in the News: Discourse and Ideology in the Press. London, 1991; Fairclough N. Language and Power. London, 1989; Bell A. The Language of News Media. Oxford, 1991; Montgomery M. Introduction to Language and Society. London, 1992.

6. Қараң: Бернштейн С. И. Язык радио. М., 1977; Шмелев Д. Н. Русский язык в его функциональных разновидностях. М., 1977; Костомаров В. Г. Русский язык на газетной полосе. М., 1971, Языковой вкус эпохи. М., 1994; Рождественский Ю. В. Теория риторики. М., 1997; Солганик Г. Я. Лексика газеты: функциональный аспект. М., 1981; Трескова С. И. Социолингвистические проблемы массовой коммуникации. М., 1989; Лысакова И. П. Тип газеты и стиль публикации. СПб., 1989; Кривенко Б. В. Язык массовой коммуникации: лексико-семиотический аспект. Воронеж, 1993 Васильева А. Н. Газетно-публицистический стиль речи. М., 1982.

7. Добросклонская Т. Г. Теория и методы медиалингвистики. М., 2000; Вопросы изучения публицистических текстов. М., 2000.

8. Қараң: Тошалиев И. Публицистика тили маромларига доир. – Т.: - 56 б. 1990; Бобоева А. Газета тили ҳақида. – Т.: Фан, 1983; Тешабоева Д. «Публицистик дискурс матн асосини ташкил қилувчи концептуал тил бирлиги сифатида» // Филология масалалари. 2019. №2. 39-45-бет;

9. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. – Нөкис: Әмиўдәрья, 2021, – №4, – Б.63

10. Юсупов К.А.Педагог шайыр лирикасы ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2021. №4. – Б. 100-102.

11. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). Germany. 1-2019. 83-85.

12. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). –



E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354 (https://www. scopus.com /sourceid / 21100920227.).
13. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2020. – №6. – Б. 40-41 (13.00.00. №8).
14. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).
15. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. SJIF 2021 = 7.492, 10.5958/2249-7137.2021.01525.1
16. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1
17. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53
18. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.
19. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. (Методикалық қолланба). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.
20. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери. (Методикалық қолланба). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2018. – 5 б.т. – 80 б.
21. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.
22. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
23. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, Miraziz Nukus, 2021. – 4 б.т – 66 бет.



E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

24. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.
25. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Oqıw qollanba.– Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.
26. Yuspov KA Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.
27. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.
28. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.
29. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71
30. Yusupov K.A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o'qitish masalalari// Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18
31. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603.
32. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30. ISSN: 7152-7159.
33. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.
34. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.
35. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. (2022). PP. 210-216.
36. Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

37. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201.
38. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoǵci. Vol. 26 (2022). Page - 200-208. ISSN: 2544-980X.
39. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1, 30 август, 2022. – Стр. 44-50.
40. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01lssue. September - 2022. Page – 44-53. ISSN: 2720-6882.
41. Yusupov K.A. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 lssue. September - 2022. Page – 56-66. ISSN: 2720-6882.
42. Yusupov K.A. of Teaching Korakalpok literature // Central asian journal of literature, philosophy and culture. Vol. 03 lssue: 10 - 2022. Page – 75-85. eISSN:
43. Юсупов К.А Образ Айдос бия в каракалпакской литературе. // I International science conference on multidisciplinary research, Abstracts of International Scientific and Practical Conference. Germany, 2021, стр. 766-769
44. Юсупов К.А Изучение в современной каракалпакской лирике. / III International science conference on e-learning and education, Abstracts of III International Scientific and Practical Conference. Portugal, 2021, стр. 349-353.
45. Юсупов К.А. Изучение творчество Казакбай Юлдашева /V Международная научно-практическая конференция по новым тенденциям в науке и образовании «Theoretical and scientific bases of scieetific thought», 16-19 февраля, 2021 г., Рим, Италия, стр. 503-508.
46. Юсупов К.А. Академиялык лицейлерде А.Атажановтың прозасын үйрениў. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г Швеция, стр. 443-448.
47. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Аббаз Дабылов лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-
E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 431-432.
48. Юсупов К.А. Юсупов И.К. Академиялық лицейлерде Әжинияз шайыр лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 437-442.
49. Юсупов К.А. Юсупов И.К. Лирикалық шығармаларды оқытыў методикасы. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Швеция, стр. 469-474.
50. Юсупов К.А. Изучение литературных жанров. / VIII Международная научно-практическая конференция «Problems and tasks of modernity and approaches to their solution», 02-05 марта, 2021 г., Япония, стр. 198-203.
51. Юсупов К.А. Изучение творчества Аденбая Тажимуратова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая я конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Израил, стр. 226-232.
52. Юсупов К.А. Изучение произведения писателя в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», март, 2021 г., Израил, стр. 233-238.
53. Юсупов К.А. Изучение творчества Кали Жуманиязова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», март, 2021 г., Израил, стр. 239-243.
54. Юсупов К.А. Изучение творчества Конысбай Камалова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 250-256.
55. Юсупов К.А. Изучение произведения Мамбеталы Кайыпова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Израил, стр. 257-264.
56. Юсупов К.А. Изучать разборы эпических произведений в академических лицеях. /X Международная научно-практическая конференция

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES
«Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон.
57. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде көркем шығармаларды оқытыў технологиялары. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия: стр.237-242
58. Юсупов К.А. Драмалық шығармаларды оқытыў усыллары. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Португалия: стр. 243-248.
59. Юсупов К.А. Изучение лирика Кунхожа в академических лицеях. /XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: стр. 160-165.
60. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик психологиясы. / XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: – стр. 180-185.
61. Юсупов К.А. Использование современных педагогических технологий в преподавании каракалпакской литературы / Материалы **Международной** научно-практической конференции. «Татарская иитература и культура в контексте взаимодействия национальных литератур и искусств». Казанский федеральный университет, 26-27-марта, 2021 г. Стр.356-362.
62. Юсупов К.А. Изучение творчества Сапа Матчанова. /XV Международная научно-практическая конференция «The world science of modernity. Problems and prospects of development», 25-26 марта, 2021 г., Париж, Франция: стр. 170-175.
63. Юсупов К.А. Инновационные технологии в обучении каракалпакской литературе /Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская поэзия и культура второй половины XX начала XXI века». Казань, 26- апреля, 2021 г. Стр.341-346.
64. Юсупов К.А. Т.Қайыпбергеновтың «Айдос баба» (Мың тиллаға баҳаланған гелле) драмасын таллаў усыллары / «Түркий халықлары фольлоры ҳәм әдебияты тарийхы изертлениўиниң әҳмийетли мәселелери» атамасындағы

online халықаралық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. – Нөкис: НМПИ баспасы, 2021 (27-28-май), – 245-248-бб.
65. Юсупов К.А. Қарақалпақ прозасында миллий психологияның сәўлелениўи. /«Түркий филологияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы халықаралық илимий-теориялық конференция материаллар топламы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2021, 113-118-бб.
66. Юсупов К.А. 9-класста Б.Қайыпназаров лирикасын таллаў. /X Международная научно-практическая конференция «НАУЧНЫЕ ОСНОВЫ СОВРЕМЕННОЙ НАУКИ И ПРАКТИКИ», 23-26 ноября 2021 г., Греция. – 462-466 - бб.
67. Юсупов К.А. Развитие литературной речи и письменного языка учащихся на уроках литературы. "Models and methods for increasing the efficiency of innovative research" a collection scientific works of the international scientific conference (11 Desember, 2021) – Berlin: Copenhagen, 2021. ISSUE– p. 161-165.
68. Юсупов К.А. Қосық теориясын арнаўлы изертлеўши алым.. /Инсан қәдири – инсанлар қәлбинде. (илимий, илимий-публицистикалық ҳәм публицистикалық мақалалар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2022, –151-159- бб.
69. Юсупов К.А. Анализ методика художественного произведения /Сборник материалов Международную научно-практическую конференцию посвященной 60 – летию кафедры «Педагогика» на тему: «Современное общество и педагогическое образование». Казакстан, Л.Н.Гумилев атындағы Еуразия университети. 22-апреля, 2022 г Стр.268-271.
70. Юсупов К.А. Ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń dóretiwshilik kompetenciyasın rawajlandırıw. /The and analytical aspects of recent research: International scientific-online conference, Part 1, Issue 5: May 31st 2022. Turkiya, Istanbul: pp. 104-109.
71. Юсупов К.А. Эпик асарларини ўрганиш усуллари. / в конференция и публикацию статьи в сборнике «Международная конференция академических наук », 25- сентябрь, 2022. Россия. Стр. 115-126. https: // doi.org/ 10.5281/zenodo.7111598.
72. Юсупов К.А. Изучение лирических произведений на уроках литературы. /Spain International scientific-online conference: "Solution of social problems in

management and economy" Part 1, Issue 2: September 20, 2022. www. conf.com. Spain, Испания: pp. 21-26.
73. Yusupov K.A. Akademiyalıq liceylerde poeziyalıq shıǵarmalardı oqıtıw usılları. /Proceedinngs of international Conference on Educational Discoveries and Humannities. Vol. 1 No.1 (2022): ICEDH. Texas, USA.pp. 46-58.
74. Юсупов К.А. Халмурат Сапаров дөретиўшилик жолы. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1996. 3-4-саны, 54-60.
75. Юсупов К.А. Бердақ шығармаларын үйрениў усыллары. «Қарақалпақстан муғаллими» журналы, Нөкис, 1996. 1-2-саны, 12-15.
76. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 2-саны, 94-96
77. Юсупов К.А. (авторлар менен бирге) Оқыўшыларымыз пикир айтады. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 3-саны.
78. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 6-саны, 112-115.
79. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир ҳәм Бердақ шайыр мийрасына көз қарас. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2001. 2-саны, 126-128.
80. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образы. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 5-саны, 130-131.
81. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образының өзгешеликлери. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 6-саны, 138-139.
82. Юсупов К.А. «Шырашылар» романының көркем психологизми. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2006. 6-саны, 112-115.
83. Юсупов К.А. XX әсирдеги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселелери. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2007, 4-саны, 11-15 бб.
84. Юсупов К.А. Ишки монолог ҳәм шеберлик. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 1-саны, 113-116 бб..
85. Юсупов К.А. Лирикалық прозада көркем психологизм. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 2-саны, 124-127.
86. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигин үйрениў методикасы. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-санлар, 126-129.

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

87. Юсупов К.А. И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» шығармасының мазмунын үйрениў. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-саны, 46-49.
88. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятын интерактив методлар менен оқытыў усыллары. ҚМУ хабаршысы, 2011, 1-2-саны, 58-60.
89. Юсупов К.А. Қарақалпақ лирикасын изертлеўши алымның дөретиўшилигин үйрениў. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2012, 1-саны, 3-8.
90. Юсупов К.А. «Академиялық лицейлерде И.Юсупов дөретиўшилигин лекция түрлери менен үйрениў усыллары». ҚМУ хабаршысы, 2012, 3-4-санлар, 30-32.
91. Юсупов К.А. Жазыўшылар дөретиўшилигин үйрениў усыллары. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2012. 4-саны, 115-118.
92. Юсупов К.А. Қонысбай Камалов-қарақалпақ прозасын изертлеўши алым. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 1-саны, 82-91.
93. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 6-саны, 123-128.
94. Юсупов К.А. Әдебияттаныўда салмақлы орны бар алым. ҚМУ хабаршысы, №1, 2015, 132-136.
95. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасында пейзаж ҳәм қаҳарман образын үйрениў мәселелери. ҚМУ хабаршысы, №2, 2015, 92-96.
96. Юсупов Қ. Оразбай Сәтбаев поэзиясының көркемлик өзгешеликлери. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2015, 77-87.
97. Юсупов Қ. Бердақ шығармаларын үйрениўде конференция сабақ түринен пайдаланыў. Түркий халықлар әдебиятының гейпара мәселелери , Нөкис-2004.Б. 30-32.
98. Юсупов Қ. Конфликт қаҳарманлар минез-кулқын ашыўдың негизи. Журналистика ва адабиёт: кеча ва бугун. (Илмий тўплами), 1-қисм. Т. : Юрист – маркази, 2008. 44-47.
99. Юсупов Қ. Прозада миллий психологияның сәўлеси. Журналистика ва адабиёт: кеча ва бугун. (Илмий тўплами), 2-қисм. Т. : «Юрист –медиа маркази», 2008. 148-150.
100. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда кластер методини қўллаш. «Педагог кадрлар малакасини ошириш ва уларни

E- Conference Series
Open Access | Peer Reviewed | Conference Proceedings
E- CONFERENCE SERIES

қайта тайёрлашнинг замонавий шаклларини жорий этиш муаммолари», (Илмий –амалий конференцияси материаллари), Тошкент , 2009. 284-285.
101. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда бурчаклар методи билан ўрганиш. «Олий ва касб-ҳунар таълими тизимида профессор-ўқитувчиларнинг малакасини ошириш жараёнини такомиллаштириш муаммолари», (Илмий –амалий семинар материаллари), Бухоро, 14-15-май, 2009. 133-136.
102. Юсупов Қ. Көркем шығармалардың мазмунын үйрениў методикасы. Миллий идентивлик ва оммавий ахборот воситалари. (Илмий мақолалар тўплами), Т. : «Юрист –медиа маркази», 2009. 48-51.
103. Юсупов Қ. И.Юсупов поэзиясын оқытыў усыллары. «НМПИ илим билимлендириў ҳәм тәрбия мәселелерин раўажландырыўдағы орны», (Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары), Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010, 185-187.
104. Юсупов К.А. Әдебияттаныў илиминиң жан күйери еди… Илим ҳәм әдебияттың машақатлы жолларында. (илимий-әдебий ҳәм еске түсириўлер), Нөкис, 2012, 70-73.
105. Юсупов К.А.. Кәсип өнер коллежлеринде Т.Қайыпбергеновтиң «Көздиң қарашығы» романын үйрениў усыллары. Илимий топлам (Магистрантлар ушын), Нөкис-2012.Б. 93-94.
106. Юсупов К.А. «Т.Қайыпбергеновтиң «Қарақалпақ қызы» романында пейзаж ҳәм қахарман образы». Ҳәзирги филология илимлериниң әҳмийетли мәселелери. (Республикалық илимий-теориялық конференциясы мақалалар топламы, 1-бөлим), 2013жылы, 76-80.
107. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Айдос бий образын үйрениў. (Айдос деген уллы киси.). Бердақ миллий мәдениятымыздың байтереги. (Илимий топлам, Нөкис, «Билим», 2013, 24-26.)
108. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. « Әдебиятшы - алым ҳәм устаз » ҚМУ, Нөкис , 2014, 125-133.
109. Юсупов К.А. Әжинияз шайырдың лирикасын оқытыўда интерактив методлардың қолланылыўы. «Қарақалпақ әдебиятының жарық жулдызлары». (Илимий мақалалар топламы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2015, 42-46.
110. Юсупов К.А. Т.Қайыпбергеновтың «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестинде қаҳарман образын жасаў усылы. «Қарақалпақ әдебиятының жарық

жулдызлары». (Илимий мақалалар топламы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2015, 42-46.
111. Юсупов К.А. Ғәрезсизлик дәўирде Бердақ дөретиўшилигиниң үйренилиўи. «Бердақ-классикалық әдебиятымыздың бийик шыңы» атамасындағы республикалық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. КМУ, Нөкис, 2017.
112. Юсупов К.А. Ғәрезсизлик дәўирде Бердақ дөретиўшилигин үйрениў. «Классикалық әдебияты жәмийеттеги манаўий жаңаланыў мәселелери» атамасындағы халық аралық илимий-конференция материаллары топламы., Нөкис, «Илим», 2017, 49-51.
113. Юсупов К.А. Содержание и способы изучения внеклассных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях. (Международная научно-практическая конференция «Фундаментальные научных исследования».) Астана, 2018.стр.116-122.
114. Юсупов К.А. Фантастикалық романды таллаў усыллары. / International scientific –online conference: Intellectual education techological solutions and innovative digital tools. Netherlands conference. January, 2023. - pp. 10-19.
115. Юсупов К.А. Изучение в современной каракалпакской прозы / “England” modern rsycholoy and pedagogy: problems and solution. Vol. 11 No.1 (2023): London conference: January, 2023. - pp. 5-14.
116. Yusupov K.A. Scientific theoretical bases of discussing the sicnificant orks. Science and innovation international scientific journal volume 2 issu 9 september. UIF-2022: 8.2 / ISSN: 2181-3337/ scientists.uz. ( https://doi.org/10.5281/zenodo.8349677.)